

A Chikonzero chekuvapo kwemifananidzo. Marko 4:10-12.

- ❖ Kuparidza kwaJesu kwaitenderera paUmambo hwokudenga (Marko 1:14-15). Mizhinji yemifananidzo yake yaitaurwa kuti itsanangure zvakaite Umambo hwakadaro(Marko 4:30).
- ❖ Sezvineiwo, chikonzero chakataurwa naJesu pachake chekushandisa mifananidzo chinoshamisa zvechokwadi: kuti varege kunzwisisa, kana kutendeuka, kana kukanganwirwa! (Mk. 4:12; Is. 6:9-10).
- ❖ Ane nzara yeShoko raMwari achanzwa chokwadi uye ofara. Asi avo vasingadi kunzwa, zvisinei kuti chokwadi ichi chinotaurwa chakareruka sei, vacharamba kunzwisisa, kushanduka, uye kuwana ruponeso.

B Mufananidzo womukushi:

❖ Mukushi wakabuda kundokusha ... Marko 4:1-9.

- Panzira: Mumazuva mashoma, mbeu inofa (Marko 4:4)
- Parukangarabge: Mumavhiki mashomanana, mbeu inofa (Marko 4:5-6)
- Muminzwa: Mumwedzi mishomanana, mbeu inofa (Marko 4:7)
- Muvu rakanaka: Pakupera kwemwaka, mbeu inobereka zvibereko (Marko 4:8)
- Mudzviri nembeu hazvisiyani. Nekudaro, mhedzisiro yacho yakasiyana zvachose kune imwe neimwe yenzvimbo ina. Zvose zvinoenderana nenzira iyo mbeu inogamuchirwa nayo.

❖ Tsanangudzo yemufananidzo. Marko 4:13-20.

- Mbeu iShoko raMwari, uye mukushi munhu wose anoriparadzira.
- Panzira: Havana chavanoda, uye Satani anovatsausa (Marko 4:15)
- Parukangarabge: Vanogamuchira shoko, asi havatsungiridzwi nemiedzo (Marko 4:16-17)
- Muminzwa: Vanogamuchira shoko, asi vanobva vadekara (Marko 4:18-19)
- Muvu rakanaka: Vanodzivisa miedzo. Vanobereka zvibereko (Marko 4:20)
- Ndiri ivhu rudzii? Chii chandinofanira kuita kuti ndibereke?

C Mimwe mifananidzo:

❖ Mjenje nechiyero. Marko 4:21-25.

- Mufananidzo wemjenje:
 - Fungidzira nhaurirano: "Unounza ...?" "Aihwa!"; "hausi kuzviisa...?" "Zvakanaka!" (Marko 4:21).
 - Jesu aiziva nzira yokuita kuti vateereri vake vateerere. Zvino vakanga vagadzirira kugamuchira chidzidzo chemweya.
 - Zvishoma nezvishoma, Jesu akazivisa chokwadi chevhangeri kuti rigozivikanwa kune vose (Marko 4:22).
 - Usiku ihwohwo, pavakanga vachitungidza mwenje yavo kumba, "Kana munhu anenzeue dzokunzwa" (Marko 4:23) pasina mubvunzo akarangirira chidzidzo chacho.
- Mufananidzo wechiyero:
 - Mumigwagwa yemuguta, vatengesi vaitengesa zvinhu zvavo vachishandisa zviyero zvizhinji kana zvishoma kuti vaone huwandu hwechigadzirwa chaidiwa nemutengi.
 - Kana mutengesi aive akanaka, aiwedzera chimwe chigadzirwa pachiyero kuti agutse mutengi wake.
 - Kana mumwe munhu achigamuchira chokwadi, achawana zvakatowanda. Asi kana ukachiramba, nyangwe chokwadi chaunacho chinorasika (Marko 4:25).

❖ Kukura nemastarda. Marko 4:26-32.

- Mufananidzo wekukura:
 - Jesu anoyeuka makuriro ezviyo (Marko 4:28): Chipande; hura; zviyo.
 - Inzira inotsamira pana Mwari, kwete munhu(Marko 4:27).
 - Iyi ndiyo mbeu yevhangeri yakadyarwa muvhu rakaorera remutendi.
 - Kuburikidza nekuita kweMweya Mutsvene tinowedzera kukura muchokwadi... kusvikira Jesu auya(Marko 4:29; Mt. 13:39).
- Mufananidzo wemastarda:
 - Humambo hweKudenga hwakafanana netsanga duku yemastarda (Marko 4:30-31).
 - Mushure memazuva 50 ekudyara, mastarda inosvika 30-40 cm kureba, uye yatove inokwanisa kubereka michero inokohwewa. Inogona kukura kusvika mamita 7 kureba.
 - Kapoka kaduku, chokwadika, kwakanga kuri mavambo: 120 vanhu "vasina kudzidza" vakavanda mukamuri muJerusarema.
 - Asi wedzero yacho yakasvika munyika yose, ichiva chitendero chine nhamba hurusa yavatendi.